Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 28 апрель
РУЗМАН
№19 (7454)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председатель щвана Агъвали

25 апрелалда Агъвали вачIун вукIана Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председатель ГIабдусамад ХIамидов ва гьесул заместитель Рамазан Жафаров.

РачIинахъего гьел дандчIвана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовгун гьесул хIалтIулаб кабинеталда. Данделъиялда гIахьаллъана мугIрузул территориалияб округалда вугев Дагъистаналъул бетIерасул вакил МухIамад Камилов, районалъул прокурор Иляс Вакилов ва жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул начальник Элдар МухIамадов.



Гьениб гьез гьоркьоб лъуна цебесеб къоялъ компьютеразул залалда граната кьвагьиялдалъун ккараб пашманаб ва балагьаб лъугьа-бахьин. Гьенисан гьалбал ана больницаялда регун ругел ругьнал щварал лъималазухье раккизе. ДандчIвана врачалгун, щвана унтизарурал гIолохъабазухье палатабазде, гьаруна гьелгун гара-чIварияв ва гьарана гьезие сахлъи.



Гьенисанго ГIабдусамад ХIамидов, Рамазан Жафаров ва МухIамад Камилов АнвархIажи Вечедовгун цадахъ ана Гьоркьгьаквари росулье гьеб балагьаб лъугьа-бахьиналъул хIасилалда Аллагьасул къадаралде щварав васасул эбел-инсухъе ва гIагарлъиялъухъе зигара базе.

Гьебго къоялъ республикаялъул ХIукуматалъул бетIер ва гьесул заместитель дандчIвана райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул активгун.

* * *

Гьебго къоялъ Агъвали тIобитIана районалъул активалъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул организациябазулгун учреждениябазул нухмалъулел, росдал администрациябазул бутIрул, жамгIиял ва диниял гIуцIалабазул вакилзаби. Данделъи рагьулаго районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас ракIалде щвезабуна цебесеб къоялъ Агъвали компютералъулаб залалда ккараб пашманаб ва балагьалъул хIасилалда гIумруялдаса ватIалъи 8 классалъул цIалдохъан, гьединго кескал речIчIун ругьун щваралги. Гьединал ишал ккечIого рукIиналъе кидаго букIине ккола лъималазда хадуб хьаравуллъи ва кидагосеб эбел-инсулги учителасулги бербалагьи. Гурони, нилъ нилъерго тIассамасагояб бербалагьиялъ жакъа гIадинаб, гьелдасаги бергьараб балагьалде рачине бегьула.

БукIине кколеб кьагIидаялъ лъимералъул тIалаб гьабичIолъиялъул хIасил жакъа нилъеда бихьулеб буго. Бегьиларо чIахIиязги жидерго ракI гьечIолъи бихьизабизе нилъеда сверухъ лъугьунел ишазулъ. Балагь цоясухъ бачIун хутIуларо, гьелъ ургъалилъегун-кваридилъиялде ккезарула цогидалги.

Аби буго кварригIинчIеб босани, кварригIараб бичизе ккола. ГьелъухъгIо, нильги нилъерго ургъел гьечIолъиялъ кварилъиялде цIалел руго. Гьелъул хIисаб гьабизе ккела, заманги квешаб бугелъул.



Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас, районалда бугеб ФСБялъул отделениялъул начальник МухIамад Дибировас пикру буссинабуна тIаде щолел байрамазул къояз кисакибго цIодорлъи букIинабизе ккеялде, хасго халкъ бакIарараб бакIазда.

Районалъул нухмалъиялъ цоги нухаль ахIана халкь жидехъ бугеб ярагъ ва квагъулел жал хIукуматалъухье нахъе руссинаризе гIарцухъ. Гьелъие гIоло тамихIалдеги цIалел гьечIилан лъазабулеб буго районалда бугеб жанисеб ишазул отделалъул пресс-хъулухъалъ.

Данделъиялда киназго къабихIаблъун рикIкIана ккараб квешаб балагьалъул лъугьабахьин.

Кварилъиялда хадуб гIатIилъи камуларо…

Хаду-хадуб хабар лъикIаб рагIаги.

**ГIубайдула Малачдибиров**

## Ургъел гьечIолъиялъ лъикIалде рачунаро

Абула, балагь нилъеда гьикъун бачIунарин. ГьикъичIо гьелъ гьаб нухалъги. Аллагь тIаса лъугьилев ватила, араб анкь балагьалъулаблъун букIанин районалъеян абуни. Рокъобе бачIинчIелъул, рецц Аллагьасеян абулеб букIана ТIисси ва ГIаща росабалъ цIаял ккун, минаби рухIаразгун боцIи хвараз, гьурал пун, рукъ-тIокъоялъе зарал-зиян ккараз. Амма ккана кварилъи-балагь рокъобе бачIиналъулги хIужа. Цо рокъобе гуреб, анцIила кIиго рокъобе…Дида лъаларо кин абилеб, бачунищ яги бачIунищ балагь тIаде щварабали, амма анцIила ункъо сониль вугев гIолохъанчи МухIамадрасул Насрудинов, Александр Матросовасул гьунарги такрар гьабун, компьютерал хIалеб залалде бачIараб гранатаги жиндирго черхалъ бахчун, гуребани хIасил кинаб ккезе букIарабали цебечIезабизе захIматаб сурат буго, бахIарчиго хвана. АнцIила цо гIолохъанчи захIматго лъукъана. Гьездасан лъабгоял тахшагьаралъул больницабазда руго захIматаб хIалалда. ГIемераб бицен-хабар ккана гьеб лъугьа-бахьиналда сверухъ: школа кьвагьизабун, теракт гьабун бугин, лъил гIайиб гьеб, кире балагьун рукIарал полициялъулал, мугIалимзаби, васасе къайимлъи гьабулел кIудаби, щай лъималаз залалде бачIараб гранаталъул хIакьалъулъ лъидаго лъазабичIеб ва гьелда рельъарал цогидалги суалал…Суалал, суалал, гьечIел жавабал…Кидаго гIадин, Аллагьасул амру, хьвай, къадар-къисмат…Узухъда, гьелда дагIба балей гуро, амма Аллагьасги гIамал гьабейин бугелъул абулеб…

Щай кього сониль ругел гIолохъабазгIаги полиция-ФСБялда лъазабичIониги, жидерго рокъосезданиги биципчIеб гьадинаб хабар бугин абун?! Яги рокъоб бицен кканиги, нилъерго ракIазул согIлъиялъги тIом бицалъиялъги, «гьеб нилъер иш гуро, кIал къай, гьав гIагарав, дов гIунтIарав» абунищ иргадулаб нухалъги тараб, мацIихьаби жужахIалъул тIинда рукIунин далилги бачун. Жакъа дие бигьа бугин хабар бицине, балагь нижехъе бачIанин абулелги камизе ратиларо. Бигьа гьечIо лъиего. ЦохIо чиясдаги хьатIун кварилъи букIунареблъи иргадулаб нухалъги бихьизабуна талихIкъосараб ишалъ ва нилъер ургъел-агъаз гьеч1олъиялъ. КIудияв эмен Залимханица «Къадада бараб туманкI цо нухалъ кьвагьунги, кьвагьичIого хутIуларин» абурал рагIаби ракIалде щвана жиндирго кIудадал рахчун рукIарал гранатабазул цояб босун бугин талихIкъосарав васас абун бициндал.

ГIемер руго жавабал гьечIел суалал. Кире балагьун ругел школалъул психологал, мугIалимзаби, саназдерахинчIезулгун хIалтIи бачунел инспекторал, киб бугеб къойил тIоритIулел терророралде дандечIараб комиссиялъул хIалтIул хIасил?,-ан цоцада гьикъулеб буго гIадамаз.

Граната школалдеги, цирк бихьизабураб клубалдеги, ахиралда компьютералъулаб залалдеги босун бачIиндалги, лъицаго лъидаго щибго лъазабичIеб, расанкIо гIадин басандизабулелъулги санго гьабичIеб-гьечIо гурищ лъиего ургъел, нилъер ургъел гьечIолъиялъ гурищ рачарал балагьалде. Балагь-кварилъи чидар букIунаро, гьеб гIаммаб букIуна киназего.

Щаклъи ккарал кьвачIа-сумкаби, тIагIел-алатал рихьаратани, полициялде лъазабеян, гьабулеб тамихI букIине гьечIин, кодоб ярагъ бугес гьеб нахъе кьеян абун, гьоркьосан кьот1ич1ого газеталда рахъулел макъалаби, цIалдохъабазе школалда ва гIадамазе годекIабахъгун мажгитазда гьарулел лекциял-вагIзаби, амма гьеч1еб ва ккечIеб гьелъул хIасил. Нилъеца нилъеего цIодорлъиги гьабичIони, нилъгоги цIуничIони, нилъ цIунизе кьватIисан гIадамал рачIунаро.

РакIал согIлъиялъ, ургъел гьечIолъиялъ лъикIалде рачунаро. Хаду-хадубккунгIаги цIодорлъи гьабилин божи ва хьул буго, ккарал гьалатIазул кьогIаб дарс пайдаялъеги босун.

**Хадижат Залимханова**

ХIисабкьей

# Росдал бетIерасул тIоцебесеб хIисабкьей

Араб рузман къоялъ ТIадгъаквари росдал жамагIаталъ гIенеккана росдал бетIер Сулейман Сулеймановасул араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей. Гьенир гIахьаллъана районалъул маданияталъул управлениялъул нухмалъулей ХIалимат АхIмадова, районалъул Собраниялъул председателасул заместитель МухIамад НурмухIамадов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумаров, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул директор Марзигат МухIамадова.

ЖамагIаталъул данделъи тIобитIилалде цебе, райадминистрациялъул вакилзаби щвана росдал школалде ва лъималазул ахикье, дандчIвана



школалъул директоргун ва лъималазул ахалъул тарбиячагIигун.

РахIатхун бицана школалъул директор МухIамад ИсмагIиловас лъималазул ахикь ругел гIоларел рахъазул: жанибе гьури бичалел руго цIулал басриял гордал, цIадал лъим чвахизе тIохда рогIрал гьечIолъиялъ, кинабго лъим чвахулеб буго минаялъул ганчIил кьучIде. Г1урал шарт1ал гьеч1о богорукъобги - хвараб буго кIиябго печь, цо гьитIинабго токалъул печалда буго квен хIадурулеб, бугеб холодильникги гьитIинабго жо буго басрияб.

ХIалтIул шартIал гIурал гьечIониги, кIиябго коллектив хIалтIулеб буго лъикI, цадахъ рекъон, гъунккун, гьелъ хIасилалги кьолел руго.

Исанасеб цIалул соналъ биологиялъул учитель Шамил ИсмагIиловасе щун буго республикаялъулаб «Гьанжезаманалъул лъайкьеялъулъ интерактивиял технологиял» абураб конкурсалда тIоцебесеб бакI, музыкаялъул учитель ХIусен ИсмагIиловасе щун буго «Бокьула мун, дир гIагараб ракь» абураб республикаялъул конкурсалда лъабабилеб бакI, лъималазул ахалъул тарбиячIужу Хадижат АхIмадова яхъун йиго районалъул «ТарбиячIужу-2017» абураб конкурсалъул призерлъун. КIиабилеб бакI щун буго «ЛъагIалил учитель» конкурсалда байбихьул классазул учитель Сабигат ГIабдулхIакъовалъе.

Республикаялда тIоритIарал конкурсазда призераллъун рахъун руго цIалдохъаби ГIабдурахIман ИсмагIилов, ТIавус ЯхIяева, ХIажи Мирзаев.

Школалда ва лъималазул ахикь, басриял минаби ругониги, ч1езабун буго берцинлъи, рацIцIалъи ва гIадлу-низам.

Гьединабго хIал буго росдал библиотекаялда ва клубалда, кIиябго идараялда руго росдал гIадамазе хIухьбахъиялъе чIезарун шартIал: бильярдал, шашкабигун шахматал, кьвагьдезе тир, цIализе газеталгун журналал, росдал тарих лъазе бокьаразе хас гьарурал альбомал ва стендал. Графикалда рекъон хIалтIулеб буго фельдшеразулгун акушеразул пункт, чIезарун руго гьенир хIалтIуе шартIал.

Рузманалъул как бан хадуб, жамагIат бакIарана годекIаниб росдал администрациялъул бетIерасул хIисабкьей гIенеккизе.

Араб соналъ гьабураб хIалтIул бицунаго, Сулейман Сулеймановас тIоцебе баркала загьир гьабуна росдал жамагIаталъе росулъ гьаруралщинал хIалтIабазулъ жиндие гьабураб кумекалъухъ. Баян гьабуна, жамагIаталъул кумек гьечIебани, росдал бюджеталда бихьизабураб гIарцухъ кинабгIаги хIалтIи гьабун рагIалде бахъине букIинчIеблъи. КIалъазе рахъарал МухIамад ИсмагIиловас, МухIамад Мирзаевас, МухIамад ХIажиевас, СагIадула МухIамадовас, МухIамадзакир Абулмуслимовас ва ХIасбула ИсмагIиловас рехсана росдал бегавулас гьарурал хIалтIаби, баркала загьир гьабуна гьесие, ва, рахIатхун, бицана росулъ чIечIого ссунеб токалъул, гьелдалъун росдал гIадамазе кколеб санагIатбахъиялъул.

ЛъикIаб хIалтIи гьабулеб буго росдал бетIерас Гъоркьгъаквари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовгун цадахъ нухал къачIаялъулъги. Ниж гьенир ругеб къоялъ къачIан рагIалде бахъулеб букIана кIиябго росулъе унеб шагьранух, кутакалда лъикI рекъезарун руго нухал тракторист Сажидов ГIабдулаца ва гьесда хадур хIалтIулел росдал гIолохъабаз.

Данделъиялда кIалъазе рахъарал ХIалимат АхIмадовалъ, МухIамад ГIумаровас ва Марзигат МухIамадовалъ бицана росдал администрациялъул гIолохъанав бетIерасул хIалтIизе бугеб гьираялъул, гьесул жигарчилъиялъул ва лебаллъиялъул, баркала загьир гьабуна росдал жамагIаталъе жеги хIалтIулъ хIалбихьи щвечIев росдал бегавулгун цадахъ росулъ гIадлу-низам цIуниялъухъ, гIадамазул рукIа-рахъиналъул суалазде кIвар буссинабиялъухъ ва цолъун гIумру тIамиялъухъ.

**P.S.** Билълъанхъараб буго нилъер росабазул бутIруз хIалтIул хIисаб кьолаго, гIицIго лъел, нухлул, токалъул, рацIцIалъиялъул ва бюджет тIубаялъул гурони бицунареб.

Лъаларо, щай бицунареб хIисабкьеялъулъ школалда, лъималазул ахикь, библиотекаялда, клубалда, медпункталда бугеб ахIвалхIалалъул, росулъ патриотикиябгун рухIияб тарбия кьеялда ва спорталда сверухъ гьарулел тадбиразул х1акъалъулъ. Гьеб ккола жидерго хIисабкьеялдехун росдал администрациязул бутIрузул тIаса-масагояб бербалагьи ва райадминистрациялъул гьеб иш тIаде кколеб отделалъул нухмалъи гьелда т1ад рекъей ва гьеб рахъалъ гьезие малъа-хъваял гьарунгутIиялъул хIасил.

**ГIубайдула Малачдибиров**

# Къуръан цIалиялъул конкурс

**ГIелму тIалаб гьабун сапаралъе вахъарав чиясе Аллагьас бигьа гьабула алжаналъубе нух**

Хирияб Раджаб моцIалъул хIурмат гьабун 2 апрелалда ТIинди росдал мадрасаялда тIобитIана лъималазда гьоркьоб Къуръан цIалиялъул конкурс. Гьелъул аслияб мурад бук1ана:

-рекIехъе(хIифз) Къуръан цIали;

-бит1ун ва берцинго Аллагьасул калам цIали;



-Къуръан лъаялъул даража борхизаби ва хадубккун гьеб рекIехъе лъазабиялъе квербакъи;

-Къуръан цIали камил гьаби тажвидалда рекъон;

-Лъималазе рухIиябгин напсияб тарбия кьей, гIолохъабазда гьоркьоб щулияб гьудул - гьалмагълъи бижиялъе квербакъи;

-Республикаялъул районазул жамагIатал цолъизари.

Конкурсалъул цевехъан Мусаев АхIмадица ТIинди росулъе рачIарал гьалбадерида ва росдал жамагIаталда, саламалъул каламалдаса хадуб баян гьабуна конкурсалъул программа ва лъай - хъвай гьабуна жюриялъул членазулгун. Гьезда гьоркьор рук1ана МахIачхъалаялдаса рачIарал ТIалхIатов ГIумарасхаб Казиев МухIамадрасул, АхIмаднабиев МухIамад, ГIабдуразакъов ГIабдула.

Конкурс байбихьана ТIинди росдал мадрасаялъул мутагIилас пасихIго Къуръаналдаса аятал цIалиялдалъун. Росдал имам ва мадрасаялъул нухмалъулев МуртазагIалихIажиев ХIусеница баян гьабуна Бухарияс ва Муслимица бицараб МухIаммад аварагасул (с.т.г1.в.) хIадис: «Гьединал гьел чагIи жидеца Къуръан цIалулел мухIканго (лебалавлъун вукIун) гьесул даража бахула лъикIал мукIурал малаикзабазда, ва жинца Къуръан бабадун цIалулев жиндие цIали захIмат букIун, гьесие кIиго даража буго». КIалъазе вахъарав жюриялъул председатель ТIалхIатов ГIумарасхIабица баркала кьуна жамагIаталъе, росдал ва школалъул администрациябазе жал ахIиялъухъ ва ахIана республикаялъулго гIолохъаби гьадиналго къецазулъ гIахьаллъизе. Гьесги бицана аварагасул хIадис: «Щив чи вугониги жинца Аллагьасул каламалдаса цо хIарф цIалун, гьесие цо лъикIлъи хъвала, гьеб цIикIизабула анцIго даражаялда». (Тирмизияс бицараб).

Жюриялъул член ТIалхIатов ГIумарасхIабица баян гьабуна конкурс тIобитIиялъул тартиб.

Конкурсалде вачIун вукIана 7-ялдаса 17 сониде вахарав гIумруялъулункъого чи. Гьезда гьоркьов бищун гьитIинал рукIана анкьго сон барав ТIиндиса МухIамад МухIамадов ва микьго сон барай Хуштадаса ГIайшат ХIажиева. Гьенир гIахьаллъана Костекалдаса, Дубкиялдаса, Кьохъа, ГIандиса, Цветковкаялдаса, Чонтаауалдаса, Хуштада-гIурухъа, Хонохъа, Агъвалиса, Хуштадаса, Эчедаса, ТIиссиса, Къедиса ва МахIачкъалаялдаса васалгун ясал.

Росдал имам ХIусеница баркала кьуна жюриялъе ракIкIбацIадаб хIалтIухъ ва тIолалго гьалбадерие мугIрул ракьанда бугеб ТIинди росулъе бухьараб сапаралъухъ, Аллагьасул калам лъазабиялъе бахъулеб хIаракатчилъиялъухъ.

**Конкурсалъул ккана хадур рехсарал хIасилал:**

**ХIифз. 30 джуз** - ХIусенов Асланбег (Костек), ГIубайдулаев Исмаил (Хуштада), МухIамадов МухIамад (ТIинди)

**26-30 джуз**-Рашидханов Кацав (ГIанди), ГIалимагомедов ГIабдулхIамид. (ТIинди), Шамилов АхIмад (Лъондода).

**28-30 джуз**- ГIубайдулаев МухIаммад (Цветковка), Исрапилов МухIаммад (ТIинди), МухIамадов МухIаммадхIажи (ТIинди).

**21-30 джуз** - Турулаев ГIабдуллагь (ГIанди), МухIмадов АбдурахIман (ГIанди), Рашидов ГIабдулазиз (ТIинди).

**1-3 джуз**-МухIмадов ГIабдула (ТIинди), МухIамадов ХIамзат (ТIинди),Къурбанов Руслан (Костек).

**ХIифз 30 джуз**-ГIалиева ПатIимат (ТIинди), ГIабдулаева Аминат (ТIисси), ГIаличуева Хатимат (ТIинди).

**26- 30 джуз -** МухIамадов Багьжат (ТIинди), ХIажиева ХIалимат (ГIанда), ГIабдусаламова Зайнаб (ТIинди).

**21-30 джуз** -Исрапилова ПатIимат (ТIинди), ГIалимухIамадова ФатIима (ТIинди), ГIабдулхIамидова Анай (ГIанди).

Ахиралда жиндир рекIел разилъиги, мугIалимасул рихьиялги кIалъаялъулъ рехсолаго, Мусаев АхIмадица баркала кьуна конкурсалда гIахьаллъаразе ва мугIалимзабазе.

Конкурсалда цониги лъимер хутIичIо, призалъулаб бакI щвечIониги, ракIалде щвеялъулаб сайгъат щвечIеб.

Аллагьас кантIизареги нилъ лъикIабщинаб гьабизе.

**АхIмад Мусаев**

Гваял

# РацIцIалъи цIуни-киназулго тIадаб иш

## 20 апрелалда районалда тIобитIана субботник

Лъухьулеб, бацIцIулеб бакIалда гуреб, хьублъи гьабулареб бакIалда букIунин рацIцIалъи абураб рагIуда божана субботник т1обит1ун, нахьисеб къоялъ радал хIалтIуде ячIунаго, КамАЗаз ракьги бан, бахчун, бацIцIад гьабун букIараб редакциялде унеб шагьранухда гьоркь шушбузул цIураб лъабго кIудияб къвачIа бихьидал. ПаданлъиялъуI, яхI-намусалъул кьатIраго хутIун гьечIин гIадамазулин ракIалде ккана. Гурони, щибинха абилеб?! Районалъул бетIер, Хуштада росдал бегавул, редакциялъул хIалтIухъаби, гьеб авалалъул цо-цо гIадамал гIахьаллъана гьеб бакI бацIцIиялда, гьенир хадурккун гьаризесел хIалтIабазул дандбаялда. Амма пайда щибха?!

Азбар-къоно бацIцIизе, цогидазда кьец бан, рихьдае гьеб кьачIазе киназего бокьула, амма, кигIанго бокьичIониги, рагъу-махIу бахун кьватIибехун атомалъул бомба речIчIаниги ургъел батичIо лъиего, гIицIго жидеда хьатIичIого хутIаралдаса. Гьелъие нугIлъи гьабула райцентралдагун росабалъ кьватIазулгун ГIандигIурул ва лъаразул рагIаллъабазул бугеб хIал бихьидал.

Районалъул росабалъ тIоритIулел гваязуль жигараб гIахьаллъи гьабула жамагIатаз, амма райцентралда гIумру гьабун ругел «тахшагьаралъулазе» гьеб ничаб жольун кколеб буго. Рищни-кьолол цIурал кьучIби кьватIире разе гуреб, тIокIаб жоялъе гьезул «гьунар» гIоларо. Жалго лъугьун рацIцIалъи чIезабиялъул гваялде рахъунел дагьал руго, хIакимчияс амру гьабун гурони, гьечIо гьелде кантIулел. Гьеб гIайиблъун тола дица, тIоцебесеб иргаялда, росдал бегавуласул ва участковиясул. Кинав бегавул вукIунев, гваялде гIадамал рахъинаризе кIоларев?! Цоги, кIиготи нухалъ кьватIаздегун гIаммал бакIазде рищни балезда тIаса-масаго, рихьдае рагIи абун течIого, административияб тамихIалде цIалел рукIаралани, лъабабилеб нухалъ иш гьелде ккелароан. Щай Агъвали субботникалъул кьоялъ гIахьаллъи гьабизе кколеб гIицIго хьулухъчагIаз ва берцинго ретIа-кьарал школлъималаз?! ЦIалдохъабаз рацIцIизе те, махIцарал кьватIалгун гьарамухъал гурел, жидерго классал ва школалъул азбар-къоно. РетIел хьублъи ва гьеб хвезаби гуребги, дагьал гуро кколел хIужаби гьениб бугеб хьублъиялъул махIаздаса лъималазе квешккей.

РацIцIалъи сахлъиялъул аслулъунги кколеб батани, сахлъи киназего кьваригIунги батани, цо чи гIадин, киналниги рахъизеги ккелаха нилъедаго сверухъ рацIцIалъи чIезабизе.

Квешги лъикIги, районалдаго гвай тIобитIана. Аслияй хIалтIаби ана нухал, кьватIал ва гIурумухъал рацIцIад гьариялда сверухъ, чIана батIи-батIиял тайпабазул гьутIби. РакI бохулеб букIана хадусеб кьоялъ райцентралда бугеб рацIцIалъи бихьидал, амма пайда щибха... ТIадехун абухъе, рузманкъоялъ хIалтIуде рачIиналде, добго тIокIборчIараб хIалалъ гьечIониги, бакI-бакIазде бан батана рищни.

«ГIадамазги щибха гьабилеб, хас гьарурал маххул кьалалги гьечIони, гьеб базе бихьизабураб бакIги гьечIони?! Бегавулзабаз рихьизаризе ккеларищ гIадамазе рищни-кьул базе хас гьарурал бакIал ва гьелда хадуб букIинабизе ккеларищ гьез ва участковияз бербалагьи?»,-ян кьолеб буго суалалъе, суал хIисабалда, цо-цояз жаваб. Щивасул рагьдайищха маххул кьалал лъелел?! Росабалъги ратила рухьун гвендалгIаги, Агъвалиги гIунги тIокIал руго маххул кьалал. Амма нилъерго гIадлу ва ургъел гьечIолъиялъ, анцIго-кього галиялъ рикIкIаде ине кIвахIаллъун, ралел руго нильеца, сверухъ чи вугодаян халги гьабун, бокьа-бокьаралъуре ралел руго рощнол пакетал. Пикру гьабулеб гьечIо, жакъа рацIцIалъи цIуничIони, метер хьублъараб экология нилъедаго данде багьулеблъи, рахунел унтабазе гьелъ «каваби рагьулеблъи». КIочене бегьуларо тIабигIаталъ жиндие гьабураб заралалъухъ нилъедаса рецIел босулеблъиги.

Хадижат Залимханова

Налоговая служба

## Налоговая льгота

Начиная с 2015 года предусмотрена налоговая льгота, освобождающая от уплаты транспортного налога физических лиц в отношении транспортного средства, имеющего разрешенную максимальную массу свыше 12 тонн, зарегистрированного в реестре транспортных средств системы взимания платы.

**Налоговая льгота может предоставляться:**

а)в виде полного освобождения от уплаты налога, если внесенная плата в счет возмещения вреда, причиняемого автомобильным дорогам общего пользования федерального значения вышеуказанными транспортными средствами (далее - плата), превышает или равна сумме налога за данный налоговый период;

б)в виде налогового вычета, уменьшающего налог на сумму платы, если налог превышает сумму платы, уплаченную в данном налоговом периоде.

Для использования льготы физическое лицо представляет в налоговый орган по своему выбору заявление о предоставлении налоговой льготы (в т.ч. может воспользоваться личным кабинетом налогоплательщика на сайте www.naIog. ru) и документы, подтверждающие право на налоговую льготу (например, информация о состоянии расчетной записи за соответствующий налоговый период, распечатанная пользователем из своего личного кабинета на сайте www.platon. ru)

Заявление о предоставлении налоговой льготы рекомендуем представить в налоговый орган до начала массового расчета транспортного налога за 2016 год - до 1 мая 2017 г.

Дополнительную информацию можно получить по бесплатному телефону Единого контакт-центра ФНС России: 8 800-222-22-22 или на сайте www.naIog. ru).

# Россиялъул первенствоялда чIел босарал

**КIиго тIоцебесеб ва кIиабилебгун лъабабилеб бакIгун тIадруссана нилъер районалъул гIолохъанал гугарухъаби Владикавказалдаса.**



21-23 апрелалда Владикавказалда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб Россиялъул первенствоялда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул микьго гIолохъанав гугарухъанас. Гьенир лъикIал хIасилал рихьизарурал нилъер района-



лъул гугарухъабазда гьоркьоб тIоцересел бакIал щвана 96кг. цIайиялда КIванадаса Мусаев Шамилие ва 60кг. цIайиялда ХуштадасаАхIмадов ГIабдулае. Гьев кIиявго гIахьаллъизе вуго гIолилазда гьоркьоб тIобитIизесеб Дунялалъул чемпионаталда.

60 кг. цIайиялда ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадовасе щвана кIиабилеб бакI ва 74кг. цIайиялда лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна Гьигьалъа Аслудин МухIамадовас.

ГIабасхIажие рес щвана Европаялъул чемпионаталда гIахьаллъизе, Аслудин вачана Россиялъул тIасабищараб командаялде гьоркьове.



Баркула спортсменазда бергьенлъаби ва гьарула гьезие сахлъигун спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби.



Нилъер гугарухъабазе рахъккеялъе Владикавказалде ун букIана эркенаб гугари бокьулеб цIумадисел гIолохъабазул кIудияб къокъа.

ТIалхIат ГIабдулбасиров

# Росдал жамагIаталъул баркала

Гьал ахирал къояз пурал гьуразул хIасилаздалъун араб щамат къоялъ цIа рекIана ТIи-



сси росулъ, рухIана гIадамаз гIумру гьабулеб щуго мина-кьайигун анкьго бокьгун гьор. ЦIа ккеялъул хIакъалъуль хехаб къагIидаялда лъазабуна МЧСалъул Агъвали ва Больхь ругел цIа свинабулел частазде. АхIуд рахъун Агъвали, ТIинди, ТIиссиахикь, КIванада, Лъондода, Хуштада, КIочIали ва районалъул цогидалги росабазул гIолохъаби, гьабулеб ишги тун, рачIана тIиссадерие цIа свинабизе. МаркIачIул мех щвезегIан хIалтIана цIа свинабулеб кIиябго частаязул гIолохъабиги.

Гьеб кьоялъ нилъер гIолохъабаз бихьизабуна лебаллъи, гьунки ва бокьараб лахIзаталъ цоцае хIалае рахъине хIадурал рукIин, цIа свинабулеб частаязул г1олохъабаз-профессионалияб махщел. Гьезул х1асилалда к1вана ц1а, т1ибит1изе биччачI1ого, свинабизе .

ТIисси росдал жамагIаталъ ва администрациялъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго кумекалъе рачIаразе, хас гьабун гьеб кIиябго цIа свинабулеб частаязул гIолохъабазе, ва гьарулеб буго гьезие чорхое сахлъи ва тIабигIиял балагьаздаса цIуни.

**ЯхIия Мамадибиров,** росдал администрациялъул бетIер

«Редакция газеты «Цlумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГИБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ: Редакторасул 2-52-44 Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цlумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2030 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниял адрес: Golostsumady@mail.ru

Эркенаб гугари

# МухIамадрасул ГъазимухIамадовасул приз

**2015 соналъ дунялалъул чемпионлъун вахъарав нильерракьцояв МухIамадрасул ГъазимухIамадов цебесеб кьерде вачIунев вуго. ЛъагIелалдасан цIикIкIун заман ана МухIамадрасулил ургъялде вахъинчIого.**

**Исана Турциялда тIобитIараб «Яшав Догу» турниралда МухIамадрасулие щвана лъабабилеб бакI, дагъаб цебе Болгариялда «Дан Колов и Никола Петров» турниралда гьесие щвана тIоцебесеб бакI. Гьарула МухIамадрасулие щулияб сахлъи ва икъбал.**

Арал шамат-гьатIанкъояз Агъвали тIобитIана МухIамадрасул ГъазимухIамадовасул шапакъатазе гIоло гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ республикаялъул тIоцебесеб рагъараб турнир. Гьелъул бетIерав спонсорлъун вахъана ГIабдурахIман ГIабдулаев. ХIурматиял гьалбаллъун турниралда рукIана эркенаб гугариялъул рахьалъ ва регбиялъул республикаялъул бетIерал тренерал Сажид Сажидов ва МухIамад ХIажимухIамадов.

КIиго къоялъ халатрахъарал къецазулъ гIахьаллъи гьабуна къоло кIиго командаялдаса кIинусиялда къоло анлъо гугарухъанас. ТIоцебесеб къоялъ къецал тIоритIана 29кг., 32кг., 35кг., 38кг., 42кг. ва 46кг. цIайиязда.

**46кг**. цIайиялда лъикIаб махщел бихьизабуна нильер районалъул гугарухъан МухIамад Тажудиновас ва гьев мустахIикълъана «ЛъикIаб техникаялъе гIоло» призалъе. МухIамад гIахьаллъизе вуго маялъул байбихьуда Россиялъул первенствоялда. «Балагьаразе вокьарав» призалъе мустахIикълъана 35кг. цIайиялда гугарулев вукIарав АхIмад МухIамадовасе.

КIиабилеб къоялъ къецал тIоритIана 50 кг., 54кг., 58кг., 63кг. ва 70кг. цIайиязда.

**70кг.** ккола живго МухIамадрасул гугарулеб цIайи. Гьеб цIайиялда гугарана чIахIиял гугарухъаби. КIиабилеб къоялъул къецал жеги хIалуцарал рукIана. Бищун хIалуцараб къеркьейлъун рикIкIине бегьула 54 кг. цIайиялда финалалда букIараб Хасавюрталдаса НустIапа АхIмадовгун нильер районалдасан Шамиль ГIабдулвагьабовасда гьоркьоб букIараб къец. Гьениб НустIапае щвана тIоцебесеб бакI, Шамилие- кIиабилеб бакI.

Къецазул чемпионазе ва призеразе кьуна гIарцулал сайгъатал: тIоцебесеб бакIалъухъ-5000 гъурущ ва кубок, кIиабилелъухъ-3000 гъурущ ва лъабабилеб бакI ккуразе 2000-2000 гъурущ ва рекъонкколел даражабазул медалалгун дипломал. 70кг. цIайиялда рукIана тIоцебесеб бакIалъухъ-15 000 гъурущ, кIиабилелъухъ-10 000 гъурущ ва лъабабилелъухъ-5 000 гъурущ призал.

**Турниралъул хIасилал:**

**29 кг.** Шамил МухIамадов, ХIажимухIамад Бадрудинов (кIиялго Цlумада), МухIамадгIали Гебеков (Казбек) ва ГIисадибир ГIабдурахIманов (Болъихъ).

**32кг.** Юнус Явбатыров (Хасавюрт), МухIудин Сайпудинов (Болъихъ), СагIидхIажи МухIамадов ва Халид МухIамадов (кIиялго Цlумада).

**35кг.** Элдар АхIмадудинов (Гъизляр), АхIмад МухIамадов (Цlумада), ХIажимурад МухIамадов (Гъизилюрт) ва Абубакар ГIусманов (Хасавюрт).

**38кг.** ГIиса СайдулбатIалов (Хасавюрт), ГIабасхIажи МухIамадов (Тарумовка), Мурад Мурадов (Цlумада) ва Мурад Макъсудов (Гъизляр).

**42кг.** Къурбан МухIамадов (Гъизилюрт), МахIмуд Камилов (Казбек), Асадулагь НурмухIамадов (Хунзахъ) ва МухIамадгIали ГIабдулхаликъов (Цlумада).

**46 кг.** МухIамад Тажудинов (Цlумада), ХIажимурад Хизриев (Хасавюрт), Халилбег ХIасанов (Болъихъ) ва Арби Магамаев (Хасавюрт).

**50 кг.** Рамазан ЧIанкIаев (Болъихъ), МухIамад ГIабдулкаримов (Хасавюрт), Камил ГIабдулвагьабов (Цlумада) ва МухIамад ГIалибегов (Хунзахъ).

**54 кг.** НустIапа АхIмадов (Хасавюрт), Шамил ГIабдулвагьабов (Цlумада), МухIамад ГIабдулмуслимов (Цlумада) ва ГIусман СултIанов (Каспийск).

**58 кг.** ГIумар Тажудинов (МахIачхъала), ГъазимухIамад ГъазимухIамадов (Каспийск), МухIамад ХIусейнов (Болъихъ) ва Башир ГIабдулкаримов (Хасавюрт).

**63кг.** АхIмад Азиев (Хасавюрт), ГIамир АхIмадов (Гъуниб), СагIитбег МахIачев (МахIачхъала) ва Сулейман ГIусманов (Хасавюрт).

**70кг.** цIайиялда цере рахъана гIицIго нильер районалдаса гIолохъаби. Бергьана ТIиндиса ХIажи МухIамадов, Амин МухIамадов, МухIамад МухIамадов ва Гьигьалъа ГIиса МухIамадов.

**МухIамад Къасумов**

Районалъул администрациялъул ва «Цlумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз  зигара балеб буго Насрудинова ПатIиматида гьелъул вацасул вас

**МухIамадрасул**

нагагьаб балагьалдалъун Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хварасе Алжан насиб гьабеги.

# Всероссийский интернет – марш «ЧЕСТЬ ПОБЕДЫ»

Уважаемые жители района!

3 май объявлен днем старта Всероссийского интернет – марша увековечивания памяти гражданских и военных подвигов времен Великой Отечественной войны.

Приглашаем всех принять участие во Всероссийском интернет-марше «Честь победы». С 3 по 10 мая жители России, в семьях которых хранят память подвигов фронтовиков, смогут рассказать о героическом прошлом своих предков в годы Великой Отечественной войны, опубликовав истории на Всероссийской интернет-платформе СТЕНА ПРИЗНАНИЙ. РФ, прикрепив фото человека, в чью честь написан рассказ. Принять участие в акции приглашают жителей района.

Чтобы увековечить память о подвиге предка в интернете, нужно зайти на сайт СТЕНА ПРИЗНАНИЙ.РФ и написать историю своей семьи времен Великой Отечественной войны, загрузить фотографию, видео или картинку и опубликовать признание. Опубликовав признание вы увековечите память о предке в интернете. Каждое признание при перепосте в соцсети будет сопровождено стикером марша «Честь Победы». Вашему предку будет воздана честь и в памяти ,и сегодняшнем дне в интернете навечно на СТЕНА ПРИЗНАНИЙ .РФ. Необходимо обязательно указать место своего расположения, так история появится не только на федеральной стене признаний, но и на региональной.

Помните!!! Благодаря каждой семье, в которой есть свой уникальный подвиг фронтового и гражданского происшествия времен Великой Отечественной войны, мы живем свободной и счастливой жизнью.

**М.Магомедова**, директор ТЦСОН

Районалъул администрациялъул аппараталъул хIалтIухъабаз ва пачалихъалъул учреждениябазул профсоюзалъул райкомалъ, пашманлъи загьир гьабун, зигара балеб буго райадминистрациялъул централизованнияб бухгалтериялъул бетIерав бухгалтер ГIабдулхаликъов Шамилида ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул хирияв эмен

**МухIамад**

тохлъукьего Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хварасул рухI иманалда бахьун батаги.

Районалъул больницаялъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ЖабрагIилова ПатIиматзагьрада гьелъул хирияй эбел

**Сакинат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хваралъе Алжан насиб гьабеги, гIагарлъиялъе сабру кьеги.

Районалъул больницаялъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ГIабдулхаликъова Хадижатида гьелъул хирияв эмен

**МухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хварасе Алжан насиб гьабеги, гIагарлъиялъе сабру кьеги.

Райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул отделалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго ТIагьир ЖабрагIиловасда гьесул хьизан

**Сакинат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хварай ахираталъул лъикIлъабаздалъун йохизаюн ятаги.

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул, «Бакъ» лъималазул ахалъул ва лъималазул творчествоялъул рукъалъул хIалтIухъабазул коллективаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Марьям, Аминат ва Рашидат ЖабрагIиловазда гьезул вас ва яцалъул вас

**МухIамадрасул**

нагагьаб балагьалъул хIасилалда Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хварасе Алжан насиб гьабеги, гIагарлъиялъе сабру кьеги.

«Цlумадисезул гьаракь» газеталъул редакциялъул, халкъ социалияб рахьалъ цIуниялъул управлениялъул ва халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб централъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Луизат ЖабрагIиловалда гьелъул яцалъул вас

**МухIамадрасул**

нагагьаб балагьалъул хIасилалда Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хварасе Алжан насиб гьабеги.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул ва Гъоркьгьакваризул школалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Насрудинов ГIабдулкаримида гьесул васасул вас

**МухIамадрасул**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас хварасе Алжан насиб гьабеги.